



# KIJAN POU OU TESTE DWÒG OU YO

## FASON POU UTILIZE BANN TÈS FENTANIL YO



1. Mete dwòg w ap teste yo nan yon ti veso ou pa te itilize deja.

Plis ou teste nan dwòg ou yo, se plis rezilta yo pral fyab.




2. Ajoute dlo nan dwòg ou yo epi melanje yo.

Pou 10 miligram (mg):

- **Meth, MDMA ak Ecstasy**, sèvi ak 1 ti kiyè dlo.
- Dwòg, tankou **ewoyin, kokayin, krak, ketamin ak grenn ki soti nan sous ki pa medikal**, sèvi ak mwatye ti kiyè dlo.

10 miligram ap ase pou kouvri cheve Abraham Lincoln sou yon pyès yon peni oswa ranpli yon mikwoskoup estanda.


1 ti kiyè ap ka kenbe apeprè menm valè ak yon bouchon yon boutèy kola oswa dlo.



3. Mete bann nan dou dlo a pou ken z segonn.



4. Mete bann nan plat epi tann de minit.



5. Li rezilta yo.

**Tès pozitif:** Si ou pa gen plan pou sèvi ak fentanil, evite itilize dwòg yo, oswa kòmanse ba epi ale dousman.



**Tès negatif:** Sonje, pa gen okenn tès ki egzat a 100% epi dwòg ou yo ka toujou gen fentanil nan yo.



**Tès envalid:** Reteste dwòg ou yo.



Ou toujou gen risk pou w fè ovèdoz, menm si fentanil pa prezan nan dwòg ou yo. Pran mezi pou diminye risk ou, tankou evite melanje dwòg yo, evite itilize dwòg yo poukont ou epi toujou pran naloxone.



Pou jwenn plis enfòmasyon, eskane kòd QR la oswa vizite [nyc.gov/health/fentanyl](https://nyc.gov/health/fentanyl).